



Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ETABLI DAT 24 AVRIL POU ELEKSYON ESPESYAL POU 11
PLAS KI VID NAN ASANBLE AK SENA ETA NEW YORK LAN**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a yon pwoklamasyon pou etabli dat 24 Avril kòm dat pou elekson espesyal yo pou nèf plas nan Asanble a ki vakan ak de plas nan Sena a ki vakan. Ou ka wè pwoklamasyon Gouvènè a [isit la](#) epi li enkli anba la.

P W O K L A M A S Y O N

KONSIDERAN, gen yon pozisyon ki vid nan biwo Manm Asanble Eta New York lan nan senkyèm Distrik Asanble nan Konte Suffolk lan, akoz demisyon Alfred C. Graf;

KONSIDERAN, gen yon pozisyon ki vid nan biwo Manm Asanble Eta New York lan nan dizyèm Distrik Asanble nan Konte Suffolk lan, akoz demisyon Chad A. Lupinacci;

KONSIDERAN, gen yon pozisyon ki vid nan biwo Manm Asanble Eta New York lan nan disetyèm Distrik Asanble nan Konte Nassau an, akoz demisyon Thomas McKevitt;

KONSIDERAN, gen yon pozisyon ki vid nan biwo Manm Asanble Eta New York lan nan trantnevyèm Distrik Asanble nan Konte Queens lan, akoz demisyon Francisco P. Moya;

KONSIDERAN, gen yon pozisyon ki vid nan biwo Manm Asanble Eta New York lan nan swasantkatòzyèm Distrik Asanble nan Konte New York lan, akoz demisyon Brian P. Kavanagh;

KONSIDERAN, gen yon pozisyon ki vid nan biwo Manm Asanble Eta New York lan nan katreentyèm Distrik Asanble nan Konte Bronx lan, akoz demisyon Mark Gjonaj;

KONSIDERAN, gen yon pozisyon ki vid nan biwo Manm Asanble Eta New York lan nan sandezyèm Distrik Asanble nan Konte Albany, Columbia, Delaware, Otsego, Ulster, Greene, ak Schoharie yo, akoz demisyon Peter D. Lopez;

KONSIDERAN, gen yon pozisyon ki vid nan biwo Manm Asanble Eta New York lan nan sansetzyèm Distrik Asanble nan Konte Columbia, Rensselaer, ak Washington yo, akoz demisyón Steven F. McLaughlin;

KONSIDERAN, gen yon pozisyon ki vid nan biwo Manm Asanble Eta New York lan nan sankarandezyèm Distrik Asanble nan Konte Erie an, akoz demisyón Michael P. Kerns;

KONSIDERAN, gen yon pozisyon ki vid nan biwo Manm Sena Eta New York lan nan tranndezyèm Distrik Sena a nan Konte Bronx lan, akoz demisyón Ruben Diaz;

KONSIDERAN, gen yon pozisyon ki vid nan biwo Manm Sena Eta New York lan nan trannsetzyèm Distrik Sena a nan Konte Westchester an, akoz demisyón George Latimer;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York lan, konfòmeman a Seksyon 42 nan Lwa sou Ofisyé Piblik yo, prezantman dekrete epi pwoklame ke pral genyen yon eleksyon pou Manm Asanble ak Sena Eta New York yo pou ranplase ak pou manda ki fini yo pou Alfred C. Graf, Chad A. Lupinacci, Thomas McKevitt, Francisco P. Moya, Brian P. Kavanagh, Mark Gjonaj, Peter D. Lopez, Steven F. McLaughlin, Michael P. Kerns, Ruben Diaz, ak George Latimer, yon eleksyon ki pral fèt nan Distrik Asanble ak Sena sa yo nan dat vennkat Avril de mil dizwit, eleksyon sa yo dwe fèt nan yon fason ki konfòm ak sa lalwa preskri pou eleksyon Manm Asanble ak Sena Eta New York la yo.

FÈT anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany, senkyèm jou mwa Fevriye nan lane de mil dizwit.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)